



Repiblik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Bon vwayaj Liliane Pierre-Paul



Akademi Kreyòl Ayisyen aprann ak anpil lapèn nouvel lanmò jounalis Liliane Pierre-Paul lendi 31 jiyè 2023 a. Liliane Pierre-Paul travèse ak 70 lane sou tèt li. Se te yon gwo defansè lang kreyòl ayisyen. Yon poto mitan nan kesyon radyodifizyon an Ayiti. Pandan tout tan li t ap egzèse pwofesyon li kòm jounalis, Liliane te toujou mete lang kreyòl la, ki se lang majorite a devan. Li te angaje li jan li te kapab pou fè respekte dwa lengwistik pèp ayisyen an epi goumen

pou libète lapawòl rete vivan. Se yon pèsonaj ki jwe yon wòl fondamantal nan batay pou tabli demokrasi nan peyi a. Se te yon fanm vanyan ki te pran responsabilite sitwayen li nan goumen pou chak grenn Ayisyen kapab jwi libète lapawòl li kòm sa dwa.

Nan dat 28 oktòb 2020, nan okazyon Jounen entènasyonal lang ak kilti kreyòl, nan *Palè minisipal*, Akademi Kreyòl Ayisyen te remèt bay jounalis la yon **Plak onè ak merit**, yon fason pou li te di Liliane Pierre-Paul mèsi pou bèl kontribisyon li pote nan ede nou konsève eritaj sa a ki se lang kreyòl ayisyen an.

Pandan n ap selebre lavi Liliane Pierre-Paul, Akademi Kreyòl Ayisyen wete chapo li byen ba pou salye memwa fanm vanyan sa a epi swete fanmi, zanmi, kolaboratè li nan Radio Kiskeya, pwòch ak oditè li yo anpil kouraj pou yo travèse moman difisil sila.